# MAQSUDA AZIZOVNA VORISOVA ÓZBEKSTAN XALÍQ DEMOKRATIYALÍQ PARTIYASÍNAN ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PREZIDENTLIGINE TALABAN ÓMIRBAYANÍ

**Maqsuda Azizovna Vorisova** 1961-jılı 20-yanvarda Tashkent qalasında ziyalı shańarağında tuwılǵan.

Milleti – ózbek.

Maǵlıwmatı – joqarı. 1984-jılı Tashkent mámleketlik medicina institutın tamamlaǵan. Qánigeligi – shıpaker-terapevt.

Miynet jolın 1984-jılı Tashkent mámleketlik medicina institutı klinikasında shıpakerlikten baslaǵan.

1989-jıldan Tashkent wálayatı Zángiata rayonındaǵı «Nazarbek» awıllıq shıpakerlik punktinde shıpaker-terapevt, 2003-jıldan «Nazarbek» awıllıq shańaraqlıq poliklinikasınıń baslıǵı bolıp islegen.

2009–2014-jılları xalıq deputatları Zángiata rayonlıq Keńesiniń deputatı, 2015–2019-jılları xalıq deputatları Tashkent wálayatlıq Keńesiniń deputatı, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń aǵzası sıpatında nátiyjeli jumıs alıp barǵan.

2018-jıldan Ózbekstan Xalıq demokratiyalıq partiyası Oraylıq Keńesi baslıǵınıń orınbasarı.

2019-jılı Oliy Majlis Nızamshılıq palatası deputatlıǵına saylanǵan.

**M.A. Vorisova** búgingi kúnde Nızamshılıq palatasınıń Puqaralardıń densawlıǵın saqlaw máseleleri komiteti baslıǵınıń orınbasarı, Parlament tómengi palatasınıń Shańaraq hám hayallar máseleleri komissiyasınıń baslıǵı lawazımında jumıs alıp barmaqta.

**M.A. Vorisova** joqarı potenciallı teoriyalıq hám ámeliy tájiriybege iye shólkemlestiriwshi sıpatında ózin tanıtqan. Ol mámleketimizde densawlıqtı saqlaw sistemasın reformalaw proceslerinde, xalıqtı oylandırıp kiyatırǵan mashqalalarǵa sheshim tabıwda belsendilik hám pidayılıq kórsetken.

**M.A. Vorisova** kóp jıllıq deputatlıq, senatorlıq xızmeti dawamında mámleketlik hám jámiyetlik basqarıw, ishki hám sırtqı siyasat, huqıq hám sociallıq qorǵaw máselelerinde úlken tájiriybe toplaǵan, xalıqqa ǵamxorlıq etiwshi, keńpeyil hám kúshli siyasatshı hayal.

**M.A. Vorisova** 2018-jılı I dárejeli «Soǵlom avlod uchun» ordeni menen sıylıqlanǵan.

Shańaraqlı – eki ulı, bir qızı, jeti aqlıǵı bar. Ómirlik joldası A.A. Vorisov – qánigeligi boyınsha injener.

## MAQSUDA AZIZOVNA VORISOVANÍŃ

## SAYLAWALDÍ BAĠDARLAMASÍNÍŃ TIYKARĠÍ BAĠDARLARÍ

– mámlekette sociallıq teńsizliktiń hárqanday kórinislerine shek qoyıw maqsetinde, xalıqtıń qatlamların mámleketlik hám jámiyetlik turmısta, sud-huqıq sistemasında teńlik tiykarında qatnasıwın támiyinlew;

– pensiya hám sociallıq napaqa alıwshılardıń turmıslıq zárúrliklerin tolıq qanaatlandırıwǵa kepillik beretuǵın pensiya hám sociallıq támiynat-tıń áhmiyetli sistemasın qáliplestiriw, sonday-aq, hayallardıń bala tárbiyasındaǵı dáwirin miynet stajına qosıp esaplawǵa erisiw;

– mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń nızamlı huqıq hám máplerin qorǵaw, III topar mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa napaqa tayınlaw;

– mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń ulıwma sa-watlılıǵın arttırıw maqsetinde «Mayıplardıń bilim alıw kepilligi haqqında «nızam qabıl etiw;

– sırt elde islep atırǵan puqaralarımızdıń máplerin hám huqıqların qorǵaw maqsetinde sırtqı miynet migraciyası tarawında xalıqaralıq birge islesiwdi jáne de rawajlandırıw, «Jallanba miynet etiwshilerdiń huqıqların qorǵaw haqqında «nızam qabıl etiw;

– xalıqtıń máplerin támiyinlewge qaratılǵan kúshli sociallıq siyasat júrgiziw maqsetinde puqaralardıń dáramatına qarap differenciyalastırılǵan salıq sistemasın engiziw;

– ishki bazardı arzan azıq-awqatlıq ónimler hám sociallıq áhmiyetke iye tovarlar menen toltırıw, usı ónimler hám tovarlar bahasınıń keskin ósip ketiwiniń aldın alıw, tiykarǵı azıq-awqatlıq bahalardı tártip-lestiriwde mámleketlik hám jámiyetshilik qada ǵ ala-wın qatań ornatıw;

– awıl infradúzilmesin, awıl xojalıǵı izertlewi hám texnologiyaların rawajlandırıwǵa investiciya kirgiziliwin kóbeytiw, awıl hám rayonlarǵa sanaattı alıp kiriw;

– xalıqtıń sociallıq qor ǵ aw ǵ a mútáj qatlamları, sonıń ishinde, mayıplı ǵ ı bol ǵ an shaxslar, mayıp perzentlerdi tárbiyalap atır ǵ an ata-analar, qıyın sociallıq ja ǵ day ǵ a túsip qal ǵ an hayallar ushın sociallıq turaq jaylar qurıw, olardı mútáj shańaraqlar ǵ a iyelik etiw, miyras qaldırıw hám satıw huqıqısız kommunal tólemlerdi tólew shárti menen biypul beriw;

– xalıqqa mámleket tárepinen kepillikli medicinalıq xızmet kórsetiwdi támiyinlew, xalıqtıń hámme qatlamlarına joqarı sapalı hám tolıq me-dicinalıq xızmet kórsetiw sistemasın engiziw, dárixanalar hám jeke medicinalıq mákemelerdi isbiler-menlik statusınan shı ǵ arıp, olarǵa óz aldına sociallıq isbilermen statusın beriw;

– medicina xızmetkerleriniń abıroyı, densawlı ǵ ı hám qádir-qımbatın ayaq astı etiwshiler, xızmet wa-zıypasın orınlaw ǵ a qarsılıq kórsetiwshilerge qara-tıl ǵ an nızamshılıqta tiyisli juwapkerlik belgilew;

– shıpakerlerdiń hám miyir-biykelerdiń miynet haqısın sezilerli dárejede kóterıw;

– balalardı 2 jastan mektepke shekemgi bilimlendiriwge qabıl etiwshi arnawlı toparlar dúziw, 6 jasqa tol ǵ an balalardı baslawısh bilim beriwge májbúriy bir jıllıq tayarlaw menen biypul tolıq qamtıp alıw;

– hárbir elatlı punktte mektepke shekemgi bi-limlendiriw mákemelerin ashıw;

– baslawısh klass oqıwshıları ushın biypul azan ǵ ı awqat beriwdi shólkemlestiriw, olardıń jámiyetlik transporttan paydalanıwın biypul jol ǵ a qoyıw;

– joqarı bilim alıw ushın grantlar sanın kóbeytiw, biypul joqarı bilim beriw sistemasın tártiplestiriwdiń zamanagóy mexanizmlerin huqıqıy jaqtan bekkemlew hám ámelge asırıw;

– studentlerdiń sabaqtı ózlestiriwi hám olardıń innovaciyalıq jumısta qatnasına qarap stipendiyalar mu ǵ darın belgilew, turaq jaylar ǵ a mútáj studentlerdi qolaylı jasaw sharayatları menen támiyinlew;

– xalıqtıń sociallıq keypiyatına, zárúrli turmıslıq talapların ámelge asırıw ǵ a tásir kórsetetu ǵ ın nızam hújjetleri joybarların tayarlawda jámiyetshiliktiń keńnen qatnasıwın támiyinlew.